



MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF INDUSTRIAL ACCIDENTS

Gid Konpansasyon pou Travayè ki Fè Aksidan



Gen plis enfòmasyon ki disponib sou mass.gov/dia.

Gid sa a pral bay yon apèsi jeneral sou sistèm Konpansasyon Travayè Massachusetts la ak yon eksplikasyon detaye sou benefis yon anplwaye ka jwenn si l ta kalifye pou yo, si l te fè aksidan nan travay la.

Pou w jwenn bwochi sa a nan lòt lang, vizite mass.gov/dia-multilingual-services.

An jeneral, enfòmasyon ki nan bwochi sa a pa gen entansyon ranplase yon konsèy legal. Chanjman nan lwa a oswa reyalite espesifik nan ka pa w la ka lakoz entèpretasyon legal ki ka diferan ak sa ki prezante nan gid sa a.

Pifò travayè yo kouvri anba asirans konpansasyon travayè yo, kèlkeswa travay yo, orè travay yo, estati travay yo, estati imigrasyon yo oswa fason yo peye yo.



Eskane kòd QR la pou w jwenn enfòmasyon detaye sou pwoesis Konpansasyon Travayè yo ak DIA oswa vizite:
mass.gov/workers-compensation-for-injured-workers.

Kisa m ta dwe fè si m blese nan travay la?

- ✓ Rapòte aksidan/maladi a bay Anplwayè w. Si aksidan an oswa maladi a lakòz ou absan nan travay la pou omwen senk jou konplè oswa pou yon tan pasyèl, Anplwayè w la dwe ranpli yon fòm **Employer's First Report of Injury or Fatality (Form 101)**. Anplwayè w la ap voye kopi yo bay DIA, Konpayi Asirans Konpansasyon Travayè Anplwayè a, ak pou ou menm.
 - ✓ Anplwayè w la dwe soumèt *Fòm 101* la nan sèt jou (jou dimanch ak jou ferye pa ladan) apati senkyèm jou depi lè w te sispan travay la.
 - ✓ Lalwa Massachusetts la entèdi Anplwayè w la revoke w paske w ranpli yon *Reklamasyon Konpansasyon Travayè*.
 - ✓ **Enpòtan:** Si Anplwayè w la pa voye *Fòm 101* an bay Asirè a nan 30 jou apre aksidan w lan, ou ka rapòte aksidan an lè w ekri konpayi asirans lan pou kont ou oswa lè w ranpli *Fòmilè Reklamasyon Anplwaye DIA a (Fòm 110)*, epi w voye yon kopi fòm konplè a bay Asirè a. Ou ka jwenn *Fòm 110* la nan mass.gov/doc/form-110-employee-claim.
 - ✓ Yon fwa konpayi asirans lan resevwa fòm lan nan men Anplwayè w la, konpayi a gen 14 jou pou mennen ankèt sou reklamasyon an e detèmine si y ap peye benefis yo oubyen si yo pap fè sa.
- ** *Anplwayè w la oblige gen yon afich ki ekspose nan travay la ki gen non ak adrès Asirans Konpansasyon Travayè li yo, ak Enfòmasyon sou Politik la. Si Anplwayè w la pa gen afich sa a ekspose oswa l pa bay non konpayi asirans li a, kontakte DIA nan (617) 727-4900 pou w jwenn èd.*

Kisa k ap pase si asirè a peye reklamasyon m nan?

- ✓ Lè Asirè a dakò pou peye reklamasyon an, li pral voye yon **Notifikasyon Pèman Asirè (Fòm 103)**.
- ✓ Nan pifò ka, ou ta dwe kòmanse resevwa yon chèk nan 3-4 semèn apre blesi oswa maladi w la. Ou pral resevwa konpansasyon pou nenpòt salè absans apre senk premye jou konplè oswa pasyèl selon kalandriye travay la. Ou pa pral resevwa konpansasyon pou senk premye jou w pa t ka travay yo, sof si w pa t ka travay pandan 21 jou selon kalandriye travay la oswa plis. Premye 180 jou apre

blesi w la konsidere kòm Peryòd Pèman San Prejidis (PWOP). Asirè a ka peye benefis pou jiska 180 jou san yo pa aksepte responsablite sou ka w la. Lefètke yo peye w pandan Peryòd sa a, **sa pa** vle di Asirè a te aksepte responsablite l. Pandan Peryòd PWOP la, Asirè a ka sispann oswa diminye pèman w yo lè l ba w yon avètisman ekri pandan sèt jou pa mwayen yon avi

Notifikasyon pou Sispansyon oswa Modifikasyon Konpansasyon Chak Semèn Pandan Peryòd Pèman San Prejidis la (Fòm 106).

Asirè a dwe eksplike rezon aksyon sa a. Si Asirè a kontinye peye apre Peryòd PWOP la, pèmisyon nan men Jij la pral nesesè pou sispann oswa diminye benefis ou yo.

- ✓ Si w resevwa yon *Fòm 106* ki fè w konnen yon modifikasyon oswa yon sispansyon benefis, ou kapab konsilte yon avoka pou diskite sou dwa w ak responsablite w anvan w bay konsantman w oswa siyen nenpòt lòt dokiman.

Kisa k ap pase si yo te refize reklamsyon m nan?

- ✓ Si Asirè a rejte reklamsyon w lan, li dwe fè w konnen pa ekri, lè l voye yon ***Notifikasyon Refi Asirè a (Fòm 104)*** ba ou pa lapòs sètifye. Fòmilè a dwe gen ladan l rezon pou refi a ak kijan pou w fè apèl Desizyon an. Si w gen kesyon, kontakte reprezantan reklamsyon Asirè a, nimewo telefòn yo ta dwe ekri sou fòm lan. Si w te pran yon avoka, avoka a ta dwe rele reprezantan reklamsyon an sou non w konsènan refi a. Reprezantan reklamsyon an pa ka pale avè w sou reklamsyon w lan lè w anboche yon avoka.
- ✓ Si reklamsyon w lan rejte, ou gen dwa ranpli yon fòm ***Employee's Claim Form (Form 110)*** avèk DIA. Si w chwazi opsyon sa a, li rekòmande pou w konsilte yon avoka. *Fòm 110* disponib nan mass.gov/doc/form-110-employee-claim.
- ✓ *Fòm 110* la dwe gen dokiman medikal ki atache ki sipòte reklamsyon lan. Sa ka enkli rapò medikal (pa atache radyografi, MRI, elatriye) ki montre kijan blesi w la oswa maladi w la gen relasyon ak travay ou. Soumèt fòm lan ak rapò yo bay DIA nan adrès ki ekri nan tèt *Fòm 110* la.
- ✓ Ou dwe voye yon kopi *Fòm 110* la ki ranpli bay Asirè a tou.

- ✓ Tanpri kenbe yon kopi pou dosye w yo.
- ✓ Yon fwa DIA resevwa *Fòm 110* la ak dokiman medikal yo, dosye w la pral plase nan ajanda pou yon Konsilyasyon nan apeprè 14 jou. Yo pral fè w konnen pa ekri dat, lè ak kote reyinyon sa a ap fèt.
- ✓ Yon Konsilyasyon se kòmansman pwosesis rezolisyón konfli a.

*Pa voye Fòm 110 la bay DIA si w pa t resevwa yon **Notifikasyon Refi Asirè a (Fòm 104)** oswa si gen 30 jou oswa plis ki pase selon kalandriye travay la depi dat blesi w la oswa maladi w la e Asirè a pat di w anyen.*

Èske m bezwen yon Avoka?

- ✓ Lwa sou Kompansasyon Travayè yo konplike. Si yo refize reklamasyon w lan, li rekòmande anpil pou w chèche yon reprezantasyon legal pou pwoteje dwa w ak enterè w.
- ✓ Asosyasyon Bar Massachusetts ka refere w yon avoka ki okipe ka konpansasyon travayè yo.
- ✓ Ou ka kontakte Sèvis Referans Avoka Asosyasyon Bar Massachusetts la lè w rele **(617) 654-0400** nan zòn Boston oswa gratis nan **(866) 627-7577**, oswa vizite massbar.org la, epi klik sou **onglè Bezwen yon Avoka? a.**
- ✓ Anplwaye DIA yo pa gen pèmisyon pou yo rekòmande yon avoka sou non w.

Rezolisyón Konfli:

Konsilyasyon:

- ✓ Premye etap nan pwosesis rezolisyón konfli a kòmanse lè DIA resevwa youn nan fòmilè sa yo: **Fòmilè Reklamasyon Anplwaye (Fòm 110)**, yon anplwaye ki blese oswa yon avoka te depoze kont konpayi Asirans Konpansasyon Travayè a, oswa **Fòmilè Reklamasyon Asirè a pou Modifikasyon ou Sispansyon (Fòm 108)**.
- ✓ Nan Konsilyasyon an, y ap fè efò pou w jwenn yon akò volontè ant ou menm ak Asirè a. Si n pa ka jwenn yon akò volontè, estati reklamasyon w lan ap rete menm jan an, epi yo pwograme ka w la pou yon Konferans devan yon Jij DIA.

Konferans:

- ✓ Li se yon pwosedi legal enfòmèl devan yon Jij Administratif.
- ✓ An jeneral, sa ap fèt ant 8-12 semèn depi dat yo te fè demann Konsilyasyon an.
Jij la aprann sou ka a nan prezantasyon tou de pati yo e yo soumèt dokiman yo, *tankou Rapò Medikal yo, Deklarasyon Salè yo, ak Deklarasyon temwen yo*. Yo pa rele temwen yo.
- ✓ Enfòmasyon sa yo ta dwe prezante: (A) ou te enkapab; (B) blesi oswa maladi a te gen rapò ak travay; ak (C) tout fakti medikal ki konteste ki koresponn avèk yon tretman ki nesesè. Apre Konferans lan, Jij la pran yon desizyon, swa li òdone Asirè a peye w benefis lan, oswa li refize reklamasyon w lan.
- ✓ Nenpòt nan pati yo ka fè apèl Òdonans Konferans lan lè I soumèt yon *Fòmilè Apèl pou Pwosedi Konferans (Fòm 121)*. Telechaje *Fòm 121* an nan [mass.gov/doc/form-121-appeal-of-a-conference-order](#). Ou gen 14 jou pou w fè apèl. Gen yon frè w ap peye pou w fè apèl Òdonans Konferans lan si apèl ou a baze sou yon pwoblèm medikal. Ou peye frè sa a pou yon Medsen ki pa gen patipri ka evalye dosye w la. Frè sa a ka renonse si w ka pwouve w pa ka peye I lè w ranpli yon *Fòmilè Dekarasyon endijans ak Demann pou Renonse Frè ki nan Seksyon 11A (2) a (Fòm 136)*. Ou ka telechaje *Fòm 136* la nan [mass.gov/doc/form-136-affidavit-of-indigence-and-request-for-waiver-of-ss-11a2-fees/](#).
- ✓ Si youn nan pati yo fè apèl Òdonans Konferans lan, yo pral pwograme yon odyans fòmèl devan menm Jij la.

Medyasyon:

- ✓ An jeneral, yo fè I anvan yo jije ka a nan yon odyans kote y ap verifye prèv yo.
- ✓ Travayè ki blese a ak Asirè a ka dakò volontèman patisipe nan yon medyasyon ki dirije pa yon lòt Jij Administratif ki diferan ak jij yo konfyé ka a kounye a. Si pati yo dakò sou medyasyon an, tou de avoka yo dwe prepare yon rezime kout nan agiman yo pou Jij Administratif la, apre sa, y ap pale fran ak tout pati yo sou yon règleman pou evite yon odyans twoublan sou dwa pou benefis yo.

- ✓ Sa pèmèt pati yo patisipe nan yon pwosesis ki gide yo nan nan yon règleman, olye yo oblige yo ale nan yon odyans kontansyez kote risk yo ka gen ladan yon rezulta ki montre reklamasyon travayè a pou benefis yo pa konpansab. Byen souvan, yon medyasyon ki reyisi, bay yon rezulta favorab pou travayè ki blese a, e an menm tan, bay yon rezulta ki jis pou Asirè a. Pou enfòmasyon sou pwosesis Medyasyon DIA a, vizite: mass.gov/info-details/mediations.

Odyans:

- ✓ Se yon pwosedi legal ki fòmèl. An jeneral li fèt devan menm Jij ki te prezide nan Konferans lan.
- ✓ Yo pral aplike Règleman Prèv Massachusetts yo, epi yo te pran temwayaj sou sèman.
- ✓ Yo te rele temwen yo e pati ki opoze a te konfwonte-entèwoje yo.
- ✓ Jij la pral bay yon Desizyon Odyans kote swa l pèmèt ou jwenn benefis yo oswa l pa pèmèt ou jwenn yo. Nenpòt pati ka fè apèl desizyon an nan Komite Revizyon a lè l soumèt yon *Fòm Apèl pou Komite Revizyon an (Fòm 112)*. Apèl sa a ka fèt sèlman si pati a konteste Jij la te fè yon erè nan lalwa lè li te pran desizyon yo oswa pandan Odyans lan. Yo dwe resevwa Apèl sa a nan 30 jou, apati dat Desizyon Odyans lan. Gen yon frè apèl ki egal a 30 poustan nan Salè Mwayèn chak semèn Eta a nan moman Apèl la. Frè a ka renonse lè w ranpli yon *Fòmilè Deklarasyon Sipò pou Demann Renonse Frè Akizisyon an Anba Sec. 11C (Fòm 112A)*. Ou ka jwenn li nan mass.gov/doc/form-112a-affidavit-in-support-of-request-for-waiver-of-filing-fee-under-ss-11c.

Komite Revizyon Aksidan Travay:

- ✓ Si youn oswa tou de pati yo vle fè apèl *desizyon Odyans* lan, se Komite Revizyon an k ap tandem epi deside sou li.
- ✓ Komite sa a gen ladan sis Jij Lwa Administratif, twa nan yo pral egzamine Desizyon Odyans lan ak prèv yo.
- ✓ Komite Revizyon an ka ranvèse oswa soutni desizyon Jij Administratif la oswa l ka detèmine plis travay bezwen fèt epi l

retounen (tounen voye) ka a bay Jij Administratif la pou l chèche plis pou l deside.

- ✓ Nenpòt pati ka fè apèl *Desizyon Komite Revizyon* an nan *Lakou Dapèl* nan espas 30 jou apre Desizyon Komite Revizyon an. Si youn oswa tou de pati yo vle fè apèl *Desizyon Komite Revizyon* an, Lakou Dapèl Massachusetts la ap tandem a.

Apèsi jeneral benefis yo:

Enkapasite Total Tanporè (TTD)/Seksyon 34:

- ✓ Ou ka elijib, si w rate plis pase 5 jou konplè oswa pasyèl nan travay ou akoz blesi/oswa maladi a. Benefis sa a kalkile a 60% nan mwayèn salè bri (anvan taks/avan benefis) chak semèn ou. Mwayèn salè chak semèn ou (AWW) gen ladan tan siplemantè ak bonis pou 52 semèn anvan dat blesi w la. Si w pa t travay avèk Anplwayè a pou 52 semèn konplè anvan dat blesi w la, divize total salè bri w yo pa kantite semèn travay nan ane anvan an pou w detèmine mwayèn salè chak semèn nan. Miltipliye AWW pa 60%.

$$\text{Egzanp kalkil: } \$800.00 \times 0.60 = \$480.00$$

- ✓ Montan benefis chak semèn yo pa ka depase Mwayèn Salè Chak Semèn Eta a (SAWW) nan moman blesi w la. Benefis TTD yo pa ka depase 156 semèn/3 zan. Kompansasyon an kòmanse sou 6yèm jou konje a sof si w te sispann travay pou plis pase 21 jou. Jou konje yo pa bezwen vini youn apre lòt.

Enkapasite Pasyèl Tanporè (TPD)/Seksyon 35:

- ✓ Ou ka elijib si w toujou ap travay men w pèdi yon pati nan renimerasyon salè pasyèl ou a akoz blesi/oswa maladi a. Konpansasyon maksimòm nan pa ka depase plis pase 75% nan benefis chak semèn yo peye akoz Enkapasite Total Tanporè a (TTD).

$$\text{Egzanp kalkil: } \$440.00 \text{ pa semèn (TTD)} \times 0.75 = \$330.00$$

- ✓ Benefis Enkapasite Pasyèl Total la pa ka depase 260 semèn/5 an.

$$\text{Konbinezon nan TTD ak TPD pa ka depase } 364 \text{ semèn/7 an.}$$

Enkapasite Pèmanan Total (PTD)/Seksyon 34A:

- ✓ Ou ka elijib si w nan enkapasite pèmanan e totalman pou w fè nenpòt kalite travay akòz blesi/maladi w nan travay la. Benefis la kalkile nan de tyè (2/3) nan AWW a anvan blesi a, jiska yon maksimòm nan SAWW la.
- ✓ Ou ka elijib tou pou yon Ajisteman Pri Lavi Anyèl (COLA). Benefis yo kontinye toutotan w gen enkapasite pou w fè nenpòt kalite travay.

Benefis Medikal/Seksyon 13 ak Seson 30:

- ✓ Ou ka elijib pou benefis si blesi/maladi ki gen rapò ak travay la mande atansyon medikal. Swen medikal la dwe rezonab, nesesè, e gen rapò ak blesi/maladi w nan travay la.
- ✓ Medikaman sou òdonans ak ranbousman frè pou kilomèt vwayaj yo pou ale epi soti nan randevou medikal yo ka kouvri tou.
- ✓ Anplwayè w la ka deziyen premye Doktè/lopital ou apre blesi/maladi a. Apre premye tretman an, ou gen dwa chwazi pwòp founisè medikal ou. Asirè a gen dwa voye w kay yon Doktè li chwazi pou yon evalyasyon endepandan parapò ak blesi/maladi/enkapasite w la.

Revizyon Itilizasyon/Demann Tretman:

- ✓ Apre premye 12 semèn blesi a, asirans konpansasyon travayè yo oblige fè revizyon itilizasyon pou tout sèvis medikal yo te ba ou.
- ✓ Konpayi Asirans Konpansasyon Travayè Anplwayè w la ap ba w non ak nimewo telefòn ajan ki responsab revizyon itilizasyon an.
- ✓ Revizyon itilizasyon an pèmèt yo asire yo ou resevwa bon jan kalite swen medikal, epi asire yo tretman an rezonab, nesesè e apwopriye.

Pèdi Fonksyon-Defigirasyon/Seksyon 36:

- ✓ Ou ka elijib si yon blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay ou lakòz yon pèt pèmanan nan fonksyon yon pati espesifik nan kò w, si w soufri akòz yon sikatris oswa defigirasyon sou figi w, nan kou w oswa nan men w.

- ✓ Sa a se yon pèman inik e l ta dwe ajoute sou benefis pou salè w pèdi oswa ranbousman frè kilomèt. Kantite lajan an depann de kote ak gravite sikatris la, defigirasyon oswa pèt fonksyon an.

Benefis Sivivan-Depandan/Seksyon 31:

- ✓ Yo peye konjwen oswa pitit yon anplwaye ki te mouri benefis li yo akoz yon blesi/maladi ki te gen rapò ak travay li.
- ✓ Konjwen ki vivan an ka elijib pou yon benefis chak semèn ki egal a de tyè (2/3) nan mwayèn salè chak semèn travayè ki mouri a, jiska montan maksimòm SAWW la nan moman blesi/maladi a. Konjwen ki vivan an ka elijib pou ajisteman pri lavi anyèl la (COLA) k ap kòmanse dezan apre dat blesi oswa maladi a. Si konjwen an remarye, y ap peye chak timoun ki depandan e ki elijib \$60 pa semèn.
- ✓ Kantite total chak semèn yo peye timoun depandan yo pa ka depase kantite yo ta dwe peye konjwen ki vivan an. Benefis yo ka kontinye toutotan timoun yo rete depandan (jan Jij la detèmine) e konjwen an pa remarye. Yon timoun elijib sèlman si li gen mwens pase 18 an, si l se yon etidyan aplentan oubyen l pa kapab travay akoz yon andikap fizik oswa mantal.

Frè Antèman/Seksyon 33:

- ✓ Asirè a dwe peye frè antèman ki rezonab yo, ki pa depase 8 fwa montan AWW la nan Massachusetts la jan yo detèmine sa daprè paragraf (a) nan seksyon 29 nan c. 151A.

Èske benefis yo ka diminye oswa sispann?

Benefis ou yo ka sispann e/ou diminye pou plizyè rezon; Egzanp yo se:

- ✓ Yon Jij Administratif, yon Komite Revizyon, yon Tribunal Siperyè, yon Òdonans oubyen yon Desizyon Abitrè.
- ✓ Ou retounen travay. Asirè a dwe rekòmanse benefis yo si w oblige kite travay la ankò akòz menm blesi a nan espas 28 jou apre w retounen, si Asirè a te aksepte oswa l te atrible pou responsabilite blesi w lan.

- ✓ Asirè a te resevwa yon rapò medikal nan men doktè k ap trete w oswa yon Egzaminatè Medikal ki pa gen patipri ki te deklare w ka retounen travay, e Anplwayè w la te rapòte pa ekri gen yon pòs apwopriye ki disponib pou ou e doktè w la te apwouve sa.
- ✓ Yo mande w ale nan yon evalyasyon ke yon Ofisyè Revizyon Reyabilitasyon fè Pwofesyonèl DIA, e w pa ale, oswa w refize kolabore ak kondisyon Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl yo.
- ✓ Yo mande w ale nan doktè asirè a pou evalyasyon, ou pa ale.
- ✓ Ou nan prizon apre kondanasyon pou yon kontravansyon oswa yon krim.

Kisa yon Règleman Fòfetè ye?

- ✓ Yon *Règleman Fòfetè* se yon kontra legal ant ou menm ak Asirè a, (oswa nan kèk ka, Anplwayè w). Yon *Règleman Fòfetè* se yon sèl pèman ki ranplase chèk konpansasyon chak semèn ou yo an jeneral. Asire w lè w aksepte yon akò, ou konprann klèman dwa w ak sa w ka abandone lè w konsidere si akò a nan pi bon enterè w.
- ✓ La ankò, se moman esansyèl pou w chèche konsèy legal. Yon *Règleman Fòfetè* pa garanti. Ou menm ak konpayi asirans lan dwe dakò sou li, epi li dwe apwouve pa yon Jij Administratif nan DIA. Lè w resevwa yon règleman fòfetè, ou ka elijib pou Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl tou. Ou ta dwe diskite sou tèm akò règleman an avèk avoka w oswa Jij Administratif la anvan ou siyen nenpòt akò. *Telechaje yon Bwochi Fòfetè nan mass.gov/info-details/lump-sum-brochures*.

Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl

- ✓ Objektif reyabilitasyon pwofesyonèl la (VR) se pèmèt ou rejwenn yon travay kote salè a pwòch ak sa w t ap touche anvan blesi w la.
- ✓ Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl la kouvri sèvis ki pa medikal ki ka ede w retounen nan yon travay ki apwopriye. Sa depann de jan sitiyasyon w ye, sèvis yo ka gen ladan yon evalyasyon sou kapasite w, tès pwofesyonèl ak yon fòmasyon, konsèy oswa yon oryantasyon, modifikasyon nan espas travay, yon resiklaj fòmèl ak yon asistans pou plasman travay.

- ✓ Si w resevwa yon avi pou w rankontre ak youn nan Ofisyen Revizyon Reyabilitasyon nou yo (RRO), ou dwe ale nan reyinyon sa a. Si w pa preznan nan reyinyon sa a, benefis ou yo ka sispann. Reyinyon sa a se pou detèmine si w kalifye pou sèvis ki fèt pou ede w retounen nan travay la.
- ✓ Si w pa patisipe nan yon pwogram reyabilitasyon apre yo fin wè w kalifye pou sa, konpayi asirans lan ka diminye benefis chak semèn ou yo avèk pèmisyon DIA.
- ✓ Pou w jwenn enfòmasyon sou OEVR, vizite: mass.gov/office-of-education-and-vocational-rehabilitation oswa rele **(857) 321-7303**. Pou w jwenn yon bwochi OEVR, vizite: mass.gov/info-details/vocational-rehabilitation-brochures.
- ✓ Depi pandemi an, reyinyon obligatwa yo fèt pa telefòn. Nan kèk ka, reyinyon obligatwa yo ap fèt swa an pèsòn oswa pa video-konferans nan Webex oswa Teams. Yon travayè ki te blese ka refere tèt li tou nan *Bwochi OEVR Benefis Fòfetè a*, vizite: mass.gov/doc/lump-sum-brochure-english. Pou jwenn bwochi a nan lòt lang, vizite: mass.gov/dia-multilingual-services.

Kòman pou w verifye kouvèti anplayè w:

- ✓ DIA bay yon zouti "Prèv Kouvèti" (POC) ki se yon zouti sou entènèt gratis ki ka ede w verifye si Anplwayè w la gen yon *Politik Konpansasyon Travayè yo* an vigè.
- ✓ Pou jwenn zouti POC a, vizite mapoc.org. Si apre w fin tcheke zouti POC a, ou kwè yon Anplwayè pa bay kouvèti, rele Biwo Envestigasyon an nan **(857) 321-7313** oswa gratis nan **1-(877)-MASSAFE (627-7233)**. Vizite mass.gov/dia. Reke TDD (teletip sèlman pou moun ki soud ak moun ki gen pwoblèm tandem sèlman): **(800) 224-6196**.

****Si w sispek Anplwayè w pa gen kouvèti asirans, rele Biwo Envestigasyon nou an nan **(857) 321-7406**.**

Biwo Enfòmasyon Biblik la:

Pèsonèl Biwo Enfòmasyon Biblik la disponib pou ede w, gide w nan pwosesis la. Li enpòtan pou w kenbe nenpòt dokiman Anplwayè w

la oswa Asirè I la voye ba ou. Kenbe yon kopi nenpòt fòmilè ou te ranpli e soumèt.

Rele Biwo Enfòmasyon Biblik la nan (617) 727-4900 oswa voye imèl nan info2@mass.gov.

Gid pou Konpansasyon Travayè ou a te pibliye pa MA DIA, 2 Avenue de Lafayette, Boston, MA 02111-1750. Enprime sou papye resikle. Mizajou 25/2.

Vizite: [**mass.gov/workers-compensation-for-injured-workers**](http://mass.gov/workers-compensation-for-injured-workers),
oswa eskane kòd QR la:

